

Pwosesis Medyasyon an

Yon medyasyon pa kapab sèvi pou refize ni pou bay reta nan dwa papa ak manman yo pou koumanse yon pwosedi enpasyal pou rezoud yon plent.



Yo kapab mande yon medyasyon anvan *oubyen* an menm tan yo mande yon pwosedi enpasyal pou rezoud yon plent.



Se yon jij administratif ki fòme pou medyasyon ki dwe prezide seyans lan.



Avoka ak volontè pou zafè legal kapab patisipe nan yon seyans medyasyon.



Lè yo rive nan yon akò nan yon medyasyon, yo dwe ekri akò a sou papyè epi fè tout patisipan yo siyen l.



Tout sa ki pale nan yon pwosedi medyasyon dwe rete konfidansyèl.



Èske ou ta renmen gen plis enfòmasyon? Resous ki nonmen pi ba la yo bay plis enfòmasyon sou dwa papa ak manman timoun nan sistèm entèvansyon prevanatif la.

• Kowòdinatè pou sèvis nan Pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti lokal la

• Òganizasyon lokal ki defann dwa moun tankou:

Advocates for Children and Youth, (410) 547-9200

Family Support Network for Infants and Toddlers With Special Needs, (410) 767-0652, (800) 535-0182

Maryland Disability Law Center, (410) 235-4700, (800) 233-7201; TTY: (410) 235-4227

University of Maryland School of Law General Practice Clinic, (410) 328-3295

• MARYLAND STATE DEPARTMENT OF EDUCATION
Division of Special Education/Early Intervention Services
Maryland Infants and Toddlers Program
200 West Baltimore Street, Baltimore, MD 21201
Telefòn: (410) 767-0261 • Nimewo gratis: (800) 535-0182
Faks:(410) 333-8165 • TDD (pou moun ki soud)
(410) 333-0731

Robert L. Ehrlich, Jr.
Gouvènè

Edward L. Roop
Prezidan Konsèy pou Edikasyon nan Eta Maryland

Nancy S. Grasmick
Dirèktè Jeneral Lekòl nan Eta a

Carol Ann Baglin
Asistan Dirèktè Jeneral Lekòl nan Eta a
Divizyon Edikasyon Espesyal / Sèvis Entèvansyon Prevanatif

Departman Edikasyon Eta Maryland (Maryland State Department of Education) pa fè diskriminasyon poutet ras, koule, si moun se gason oswa fi, laj moun, peyi moun soti, relijyon moun, oswa paske moun andikape, nan zafè ki gen konsèkans sou jwenn travay oswa nan bay opòtinite pou patisipe nan pwogram yo. Pou mande enfòmasyon sou regleman departman an s.m.v., ou met kontakke Branch pou jistis ak Respe Regleman yo [Equity Assurance and Compliance Branch] nan nimewo telefòn 410-767-0246; oswa nan nimewo faks 410-333-2226; oswa nan nimewo TDD (pou moun ki soud) 410-333-6442. ♦ Se Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Prevanatif ki ekri ak pibliye dokiman sa a avèk finansman ki soti nan Departman Edikasyon Etazini, Biwo Edikasyon Espesyal ak Sèvis Rehabiliteyasyon, IDEA, Pati C, Sibvansyon Nimewo H181A020124. ♦ Opiyon ki parèt nan dokiman sa a pa nesesèman menm ak opiyon Depatman Edikasyon Etazini an ni okenn lòt ajans federal; kidonk, ou pa dwe gade konsa. ♦ Entèvansyon sa yo pa gen pwoteksyon pou dwa moun ki ekri yo. Nèpòt moun ki gade yo met fè kopi pou bay lòt moun, men tanpri, si w vle fè sa, di ou rekònt se travay "Division of Special Education/Early Intervention Services, Maryland State Department of Education". ♦ Dapre sa yo mande nan Lwa pou Moun Andikape nan Etazini an [American with Disabilities Act (ADA)], moun ki vle jwenn dokiman sa a nan yon fòm alèchaf kapab mande pou li. Si w vle fè sa, kontakke Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Prevanatif nan Departman Edikasyon Eta Maryland, nan nimewo telefòn 410-767-0261, oswa nan nimewo faks 410-333-2661, oswa nan nimewo TDD (pou moun ki soud) 410-333-0731.

3/04



Medyasyon Sistèm Entèvansyon Prevanatif la

MARYLAND STATE DEPARTMENT OF EDUCATION
Divizyon Edikasyon Espesyal / Sèvis Entèvansyon Prevanatif
Pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti

Haitian Creole



Yon lè konsa, papa ak mannan yo pa dakò avèk moun ki fè sèvis yo sou jan fanmi an ap patisipe nan sistèm entèvansyon prevanatif la, tankou:

- desizyon sou kalifikasyon pou sèvis yo
 - evalyasyon oswa analiz sou ka yon timoun
 - asepte fè sèvis pou yon tibebe oswa yon timoun piti ki kalifye
 - lajan pou papa ak mannan peye pou sèvis entèvansyon prevanatif yo.
- Lè sa rive, komunikasyon an ka vin difisil epi moun yo ka pa kapab rive nan yon desizyon yo tout ap asepte.

Youn nan mwayen pou papa ak mannan yo chache fè rezoud yon pwoblèm lè yo gen yon plent, se Pwosedi Enpasyal pou Rezoud Plent lan – ki se yon pwosedi fòmèl ki mande pou yon jij nan dwa administratif pran yon desizyon, dapre prèv yo prezante nan yon odisyon. Pou plis enfòmasyon sou mwayen sa a, gade nan tiliv ki rele *Impartial Complaint Resolutions Procedures* [Pwosedi Enpasyal pou Rezoud Plent] lan; ou kapab jwenn tiliv sa a nan Pwogram Maryland pou Tibebe ak pou Timoun Piti a.



Medyasyon an se yon mwayen ki pa mande anpil fòmalitye, pou papa ak mannan yo chache fè rezoud yon pwoblèm lè yo gen yon plent. Li chita sou metòd komunikasyon dirèk la pou chache rezoud pwoblèm ansann, sa ki kapab ede papa ak mannan yo, epi moun ki fè sèvis yo, aprann kouman pou yo travay pi byen youn ak lòt. Medyasyon an se yon pwosedi ki volontè sèlman – papa ak mannan yo gen dwa mande yon medyasyon pase pou yo mande yon Pwosedi Enpasyal pou Rezoud Plent, oubyen yo kapab mande pou fè tou de.

Medyasyon an pèmèt moun ki nan yon disipite chita pale ansann, anba sipèvizyon yon medyatè enpasyal ki fòme pou sa. Medyatè a ap kenbe konvèsasyon an sou kesyon ki separe fanmi an ak moun ki fè sèvis yo. Tou de kan yo gen dwa di sa ki pase, epi di sa yo ta vle, epi apre sa medyatè a ede yo jwenn youn akò ki nan enterè ni timoun lan ni fanmi an.

Menm si objektif medyatè a se veye pou timoun lan resewa sèvis entèvansyon prevanatif li bezwen yo, papa ak mannan yo, ansann ak moun ki fè sèvis yo, dwe chache rive nan yon desizyon ki kapab reyalis depi patisipan yo vle fè sa mache byen.

Si yo rive jwenn youn akò nan medyasyon an, yo dwe mèt akò a sou papye epi tout patisipan yo dwe siyen l.



Si yo pa rive jwenn youn akò, papa ak mannan yo toujou gen dwa mande yon Pwosedi Enpasyal pou Rezoud Plent lan.

Tout jan, medyatè a ak patisipan yo dwe kenbe tout sa ki di nan seyans medyasyon an konfidansyèl.

Pou mande yo medyasyon, papa ak mannan yo kapab:

- *Depoze yon Application for Early Intervention Mediation* [Demann Medyasyon pou Entèvansyon Prevanatif nan Biwo Odisyon Administratif Maryland lan. Gen medyatè ki la pou ede papa ak mannan yo, ansann ak moun ki fè sèvis yo, rive pran yon desizyon yo tout kapab asepte.

oubyen

- *Voye yon plent ekri nan Pwogram Maryland pou Tibebe ak Timoun Piti a, pou mande yon seyans medyasyon anvan Pwosedi Enpasyal pou Rezoud Plent lan.*

Kòm se enterè timoun lan ki pase anvan tout lòt bagay, yo pa pral kite yon plent fanmi an pote, ni yon pwosedi li koumanse, bay reta oswa rete sèvis entèvansyon prevanatif yo.

